

OU PA T PEYE YON KONTRAVANSYON OSWA PRĚSTASYON ALIMANTĚ (CHILD SUPPORT)?

OU TE RATE YON RANDEVOU NAN TRIBINAL?

EBYEN, LI PWOBAB ETA DELAWARE AP CHACHE ARETE W!

Men nou gen bon nouvèl!

Ou ka ranje dosye ou lè ou vini nan

SAFE SURRENDER

Tanpri li dokiman sa a epi aprann pi plis sou evènman espesyal sa a tribinal ak lapolis Delaware òganize pou w regle tout “capias” ak manda darè ki dèyè w. Y ap ba w konsiderasyon espesyal epi ou p ap gen strès ankò poutèt manda ki sou non w!

Kisa “Safe Surrender” ye?

Se yon opòtinite pou moun ki gen yon manda darè (“capias”) jij tribinal Delaware oswa lapolis te mete dèyè yo, pou yo rann tèt yo epi rezoud pwoblèm yo nan tribinal.

Kisa yon “capias” ye?

Se yon manda darè tribinal lan bay pou lapolis mennen moun nan devan yon jij. Tribinal bay yon “capias” lè yon moun pa parèt (FTA) nan tribinal malgre yo te bay lòd, oswa moun nan pa peye (FTP) yon amann osinon yon lòt kòb tribinal la te òdone, tankou paregzanp prestasyon alimantè (child support).

Ki tribinal k ap patisipe?

Tribinal Siperyè, Tribinal Lafanmi, Tribinal Plèn Jiridiksyon, ak Tribinal Depè ap patisipe. Nan evènman sa a, yo pral pran ka tout “capias” ak manda darè tribinal sa yo te delivre.

Kijan “Safe Surrender” pral pase?

Moun ki gen yon “capias” oswa yon manda darè ki aktif ap bay non yo ak dat nesans yo lè yo rive. Patisipan yo ap tann pou yo rele yo nan Sal Asanble Jire a. Anplwaye tribinal lan pral gade dosye chak moun epi evalye sikonstans yo pou detèmine kijan pou yo regle dosye yo. Si yo t ap chèche yon moun sèlman poutèt li pa t peye yon kòb, y ap voye moun sa a nan yon sant peman pou li peye sa li dwe oswa fè aranjman pou l peye. Si yo t ap chèche yon moun poutèt li pa t parèt nan tribinal, y ap voye l nan tribinal ki apwopriye a, pou li parèt devan yon jij. Li pi pwobab y ap fikse yon nouvo randevou pou l vini.

ÈSKE “SAFE SURRENDER” SE YON PWOGRAM AMNISTI? NON, SE PA YON PWOGRAM AMNISTI. “SAFE SURRENDER” BAY MOUN YON CHANS POU YO JWENN KONSIDERASYON FAVORAB NAN TRIBINAL. SE JIJ LA K AP PRAN YON DEZIZYON FINAL, MEN ANJENERAL LÈ OU RANN TĚT OU, YO BA OU YON KONSIDERASYON FAVORAB NAN KAD PWOGRAM SA A.

POUKISA MWEN TA DWE PATISIPE?

SI YON POLIŞYE RETĚ W POU YON DELI MINĚ EPI OU GEN YON “CAPIAS” OSWA YON MANDA DARĚ AKTIF KONT OU, Y AP METĚ W NAN PRIZON EPI MENNEN W DEVAN YON JIJ.

“SAFE SURRENDER” BA OU OPÒTINĚTE POU LAPOLIS SISPA NN AP CHĚCHE W, POU W REGLE PWOBĚM OU, EPI KONTINYE VIV LAVI OU SAN W PA GADE DĚYĚ.

SI OU GEN YON “CAPIAS” AKTIF POU FTP, OU P AP KAPAB RENOUVLĚ PĚMI KONDUI OU (LISANS). SI LETA TE GEN POU RANBOUSE W LAJAN TAKS OU TE PEYE, Y AP KENBE KÒB SA A POU PEYE MONTAN OU DWE A, EPI Y AP CHAJĚ W YON FRĚ \$25. REGLE PWOBĚM SA A KOUNYE A!

KIJAN M AP KONNEN SI MWEN GEN YON “CAPIAS” OSWA MANDA DARĚ KI AKTIF? OU KA TCHEKE SOU ENTĚNĚT NAN [HTTPS://PUBSRV.DELJIS.DELAWARE.GOV/WANTEDPUBLIC](https://pubsrv.deljis.delaware.gov/wantedpublic)



Èske mwen pral nan prizon si mwen rann tèt mwen?

Ka chak moun diferan. Si w ap rann tèt ou poutèt yon “capias” FTA oswa FTP, oubye yon manda darè pou yon ti deli san vyolans, nan pifò ka yo – e souvan sa depase 90% - y ap lage w apre yo fin panche sou ka a.

Jij la pral pran an kont lefètke ou te rann tèt ou. Sepandan, moun ki gen manda pou akizasyon krim vyolan ka al nan prizon.

Èske ap gen avoka sou plas pou ede m?

Wi. Biwo Sèvis Defans lan (Biwo Defansè Piblik la) ap gen anplwaye sou plas. Si w gen pwòp avoka pa w, tanpri kontakte yo anvan w ale nan evènman an, epi suiv konsèy yo ba ou.

Moun ki gen ka yo nan Tribinal Depè pral gen opòtinite pou plede ka yo ak ajans lapolis ki te bay kontravansyon an oswa ak yon Pwokirè Jeneral Adjwen.

Ki pyès idantite m dwe pote?

Pifò pyès idantite akseptab – lisans, kat idantite ak foto leta bay, kat idantite militè, kat Medicare/Medicaid, elatriye.

Èske mwen ka pote telefòn selilè mwen?

Wi. Yo pèmèt moun pote selilè ak aparèy elektwonik nan tribinal la, men ou PA gen dwa sèvi avèk yo nan sal tribinal la.

Èske gadri pou timoun ap disponib?

Non. Gen yon espas tou piti kote timoun ki pi gran kapab jwe, toupre kote patisipan yo pral rasanble; men se responsabilite paran yo pou sipèvizite pitit yo. Se responsabilite paran yo tou pou okipe tibebe yo, epi pote bagay tankou manje, kouchèt, elatriye.

Èske pral gen manje ak dlo nan evènman an?

Wi. Gen distribitè otomatik nan sal kote patisipan yo ap rasanble pou evènman an, epi gen lòt distribitè nan etaj ki pi ba nan tribinal la.

Èske ap gen pakin?

Gen yon pakin nan zòn bilding Green nan epitou gen yon lòt ankò pou Tribinal Konte Kent (Kent County Courthouse) sou Water Street, a yon blòk alwès Tribinal lan.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite nou an liy: courts.delaware.gov/safesurrender

KISA ANKÒ POU M KONNEN?

Kilè evènman an?

Vandredi 3 novanm 2023

9:00 AM rive 7:00 PM

Ki kote evènman an?

Kent County Courthouse

414 Federal Street

Dover, DE 19904

Tanpri pran pasyans paske nou atann aske gen gwo abouteyaj akòz evènman sa a. N ap fè tout sa nou kapab pou ede tout moun ki vini.

Pou jere espas e asire sekirite, n ap pèmèt yon sèl moun rantre avèk ou, apre ou pase pòs sekirite a.